

Vizit nan kay pou rezidan Vil New York ki gen opresyon pèsistan

Alèjèn tankou bèt nuizib (pa egzanp, sourit oswa ravèt) ak mwazi afekte kalite lè anndan kay la. Yo ka deklannche yon kriz opresyon oswa fè sentòm opresyon yo vin pi mal. Lè ou kontwole bèt nuizib ak mwazi, sa ka ede kontwole opresyon.

Lwa Vil New York egzije pwopriyetè yo pou yo kenbe bilding yo san bèt nuizib ak mwazi ak pwoblèm ki lakòz yo, tankou fwit ak twou.

Si ou menm oswa pitit ou gen opresyon pèsistan epi ou gen bèt nuizib oswa mwazi nan kay ou, pwofesyonèl swen sante ou ka mande yon enspeksyon anviwònmantral gratis lakay ou. Ou ka resevwa sèvis sa a kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon. Pale ak pwofesyonèl swen sante oswa kowòdonatè dosye opresyon ou a pou jwenn plis enfòmasyon.

Kisa ki pral pase pandan yon enspeksyon anviwònmantral lakay ou

- Yon enspektè Depatman Sante Vil New York pral rele w pou pran yon randevou pou yon vizit nan yon jou ak lè k ap bon pou ou.
- Enspektè a ap chèche bèt nuizib ak mwazi ak pwoblèm yo ki lakòz yo.
- Si yo jwenn pwoblèm, enspektè a pral bay lòd pou pwopriyetè bilding lan rezoud yo. Pwopriyetè bilding lan ap gen 21 jou pou fè reparasyon ki nesèsè yo.
- Apre 21 jou, yon enspektè Depatman Sante ap retounen lakay ou pou wè si pwoblèm yo te rezoud.
- Si pwopriyetè bilding lan pa fin rezoud pwoblèm yo men li fè pwogrè, y ap ba yo plis tan pou fè reparasyon yo.
- Si pwopriyetè bilding lan p ap travay pou rezoud pwoblèm nan, Depatman Sante a ka konvoke yo lajistis, kote li ka oblije peye yon amann. Vil la ka fè reparasyon ijan tou epi voye bòdwo a bay pwopriyetè bilding lan pou travay la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **Healthy Neighborhoods Program** (Pwogram Vwazinay an Sante) oswa rele **646-632-6023**.

